

Edisi XXX, 19 APRIL 2024



# Khutbah Jum'at An-Nahdliyyah

**BAHASA JAWA**  
**PARING PANGAPURA**

Oleh :

**Kang YANU**

(Wakil Sekretris LBM PCNU

Dan Divisi Makwah AsnuterNU Kab. Tulungagung)



PC LTMNU

LEMBAGA TA'MIR MASJID  
**NAHDLATUL ULAMA**  
**TULUNGAGUNG JAWA TIMUR**

# PARING PANGAPURA<sup>1</sup>

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى ، وَسَلَامٌ عَلَىٰ عِبَادِهِ الَّذِينَ اصْطَفَىٰ . أَشْهَدُ  
أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ  
وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ .

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَىٰ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَىٰ آلِهِ وَأَصْحَابِهِ  
وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَىٰ يَوْمِ الدِّينِ ، أَمَّا بَعْدُ . فَيَا عِبَادَ اللَّهِ ،  
أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ . قَالَ اللَّهُ  
تَعَالَىٰ فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ ، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ . يَا أَيُّهَا  
الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ .

## ***Kaum muslimin jama'ah shalat Jum'at ingkang minulya!***

Alhamdulillah sedaya puji dhumateng gusti Allah, ingkang ngratoni sedaya alam, namung dhumateng Allah kita manembah lan dhumateng Allah kita nyuwun pitulungan. Mugi sedaya amal ibadah ingkang sampun kita tindakaken ing sak lebetipun wulan Ramadhan kala wingi, saget maujudaken kita dados pribadi muslim ingkang iman lan bertaqwa dhateng Allah

## ***Kaum muslimin jama'ah shalat Jum'at ingkang minulya!***

---

<sup>1</sup> Oleh Kang YANU, Wakil Sekr LBM PCNU dan Divisi Makwah AsnuterPCNU Kab Tulungagung

Alhamdulillah kita saget nglampahi ibadah shiyam wonten wulan Ramadhan, lan kita tasik kepanggih malih ing wulan Syawal ingkang kebak berkah menika, ugi saget sami-sami angrawuhi sholat Jum'at ingkang dados kuwajiban kita niki. Pramila, mangga kita syukuri sedanten ni'mat Allah arupi kuat shiyam lan sehat badan niki kanthi taqwa dhumateng Allah.

Mangga, wonten wekdal ingkang bahagia menika kita sami-sami ningkataken anggen kita taqwa dateng Allah SWT kanthi nebihi sedaya awisan-awisanipun, Ugi kita tingkataken ketaatan nglampahi perintah perintahipun Allah. Pakulinan sholat berjama'ah lan makmuraken masjid ugi musholla wonten ing dalem wulan Romadlon mangga kita lajengaken, kita dadosaken pakulinan ingkang sae.

Mugi-mugi Allah tansah paring kekiatan lan keistiqamahan lahir batin dumateng kita sedoyo. Aamiin Allahumma aamiin.

### ***Poro jama'ah shalat Jum'at ingkang minulya***

Dinten riyoyo fitri minangka dinten ingkang penuh hikmah kagem ningkataken kualitas pagesangan kulo lan panjenengan sedoyo. Salah setunggaling riwayat ingkang berhubungan kalian kautaman riyoyo idul fitri inggeh meniko riwayat saking panjenenganipun sahabat Ibnu Mas'ud RA, saking kanjeng rasul Muhammad Shallallahu 'Alaihi wa Sallam ingkang paring dawuh mekaten:

إِذَا صَامُوا شَهْرَ رَمَضَانَ وَخَرَجُوا إِلَى عِيدِكُمْ يَقُولُ اللَّهُ تَعَالَى: يَا مَلَائِكَتِي كُلُّ عَامِلٍ يَطْلُبُ أَجْرَهُ أَنِّي قَدْ غَفَرْتُ لَهُمْ فَيُنَادِي مُنَادًا: يَا أُمَّةَ مُحَمَّدٍ

ارْجِعُوا إِلَىٰ مَنَازِلِكُمْ قَدْ بَدَلْتُمْ سَيِّئَاتِكُمْ حَسَنَاتٍ فَيَقُولُ اللَّهُ تَعَالَىٰ: يَا عِبَادِيَ  
صُمِّمْتُمْ لِي وَافْطَرْتُمْ لِي فَمُؤْمِنًا مَغْفُورًا لَكُمْ

Artosipun: “Nalikane umat nabi nglaksanakke poso Romadhon nuli banjur metu kanggo sholat rioyo, mongko Allah ta’ala paring dawuh, “Duh malaikatku, kabeh wong sing wes rampung kerjo nduweni hak nampo upah. Lan kawula-kawulaKu kang wus rampungan poso romadhon lan metu seko omah kanggo ngibadah sholat ied sakperlu nggolek ganjaran, mongko seksenono setuhune Ingsun temen wis paring pangapuro maring kawula-kawulaKu mau.

Nuli ana suwara kang undang-undang: “Duh umate kanjeng nabi Muhammad, balio maring omah siro kabeh. Temen wis diganti ke ala nan siro kabeh kelawan kabecikan.” Maka Allah ta’ala paring dawuh: “Hei kawula Ingsun, siro poso lan buko keroni Ingsun. Mongko podo ngadeko siro kabeh kanthi nggowo maghfiroh soko Ingsun.”

### **Poro jama’ah shalat Jum’at Rohimakumullah**

Maghfiroh ingkang sampun kito tampi dereng saget sampurno menawi kito dereng paring pangapunten dumateng sesami kito. Sebab, maghfiroh saking Allah merupakan pembelajaran dateng tiyang mukmin supados ugi paring pangapunten dumateng mukmin lintunipun. Menawi Allah meniko Dzat ingkang moho paring pangapunten, sampun sak mestinipun menawi kito ugi saget paring pangapunten dateng sedereksederek kito sesami ummat Muslim.

Paring pangapunten berarti ugi paring kalonggaran dateng sinten kemawon ingkang mbetahaken bantuan saking kito. Kanthi paring pambiyantu dateng tiyang sanes ingkang mbetahaken bantuan, berarti ugi kito paring bantuan dateng badan kito piyambak. Kados ingkang sampun dipun ngendikaaken dening Rasulullah SAW:

مَنْ نَفَسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرْبِ الدُّنْيَا نَفَسَ اللَّهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ  
كُرْبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَىٰ مُعْسِرٍ يَسَّرَ اللَّهُ عَلَيْهِ فِي الدُّنْيَا  
وَالْآخِرَةِ

*Sopo wonge paring bantuan marang wong mukmin ngentasake kesusahane ing ngalam dunyo, mongko Allah bakal ngentasake deweke soko kangelane ing dino kiyamat. Lan sopo wonge ngenthengake kerupekane wong liyo, mongko Alloh ugo bakal ngenthengake urusane deweke ing dunyo lan akhirat.*

### ***Poro jama'ah shalat Jum'at Rohimakumullah***

Dhawhipun Rasulullah menika negesaken dateng kito sedoyo, bilih sampun sak mestinipun antawisipun sesami tiyang Islam kedah saling dukung mendukung, lan saling bantu membantu ingdalem babakan kesaenan. Sae masalah ingkang gegayutan kalian urusan dunyo ugi akhirat. Sebab, mbenjang wonten ing dinten kiyamat gusti Alloh bade paring batuan namung dateng kawulanipun ingkang purun naati perintahipun selami gesang wonten ing donya lan purun paring kesaenan dumateng sesami.

Saling paring pangapunten ugi saling tulung tinulung meniko sifat aslinipun manungso, sebab manungso puniko makhluk sosial. Ananging keranten syetan lan nafsu ingkang dadosaken sifat dasar manungso kolowahu sering boten saget dipun lampahi.

### ***Poro jama'ah shalat Jum'at Rohimakumullah***

Menawi kito sampun paring pangapunten, tentu badhe kraos bangunan kekiatan umat Islam ingkang kiat. Menawi kito sampun paring pangapunten dateng sederek kito setunggal kemawon, badhe

thukul raos welas asih. Mekatenlah printahipun Allah SWT dateng umat Islam. Yakni sayogyanipun umat Islam meniko saget dados setunggaling bangunan ingkang kokoh kiat. Pasederekanipun sesami umat Islam meniko lir kados badan setunggal, menawi setunggalipun anggota badan wonten ingkang sakit, sedoyo badhe nderek ngraosaken sakit.

Sayidina Ali bin Abi Thalib karramallahu wajahah nate dawuh; ingkang artosipun *“tiang purun nyuwun ngapura niku sae, Nanging ingkang paring pangapura niku langkung sae malih,”*.

Saling paring pangapunten niku amal perbuatanipun tiang taqwa, disebataken wonten Qur’an Surah Ali Imron 134

الَّذِينَ يُنْفِقُونَ فِي السَّرَّاءِ وَالضَّرَّاءِ وَالْكُظُمِينَ الْغَيْظِ وَالْعَافِينَ عَنِ  
النَّاسِ وَاللَّهُ يُحِبُّ الْمُحْسِنِينَ

Tiyang ingkang takwa nggih menika tiyang ingkang nafkahaken bandanipun ing wekdal lapang ugi wekdal sempit. Lan tiyang ingkang mampu menahan amarahnya serta paring ngapunten dhumateng kesalahan lintunipun. Gusti Allah SWT remen kalian tiang ingkang berbuat kesahean.

### ***Poro jama'ah shalat Jum'at Rohimakumullah***

Paring pangapunten niku sifat e para nabi lan siddiqin disebataken wonten QS Annisa 69.

وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَالرَّسُولَ فَأُولَئِكَ مَعَ الَّذِينَ أَنْعَمَ اللَّهُ عَلَيْهِمْ مِنَ النَّبِيِّينَ  
وَالصِّدِّيقِينَ وَالشُّهَدَاءِ وَالصَّالِحِينَ وَحَسُنَ أُولَئِكَ رَفِيقًا

Artosipun: “Sinten kemawon ingkang menaati Allah dan Rasul(Nya), mangka wong niku bareng sartane tiang-tiang ingkang dianugerahi nikmat oleh Allah. Nggih meniko Nabi-nabi, para siddiqin, tiang-tiang ingkang mati syahid, lan tiang-tiang soleh. Lan mereka nikulah sak bagus-baguse kanca.”

Nabi Yusuf *alaihissalam* nate dilebetaken sumur dhumateng sedherek-sedherekipun, beliau nabi Yusuf nggih paring pangapunten. Bahkan Nabi Yusuf nyuwunaken sedherekipun ampunan dhumateng Allah SWT. Nabi Muhammad *sallallahu alaihi wa sallam* nalika dakwah wonten Makkah ugi diperlakukan mboten sae. Nanging giliran Nabi saget menaklukkan Makkah, Nabi paring maaf dan ampunan dhumateng masyarakat Makkah.

Para sahabat Nabi ugi remen pangapunten. Salah setunggal contone nggih menika Abu Bakar Assiddiq *radhiyallahu anhu*. Abu Bakar rutin paring nafkah bulanan dateng ponakanipun ingkang asma Mistah. Nanging, Mistah niku boten bales sahe dateng Abu Bakar, ananging malah tumut nyebaraken berita bohong bilih Aisyah putri Abu Bakar selingkuh. Abu Bakar muring sehingga badhe nglereni anggenipun paring nafkah bulanan dateng Mistah.

Gusti Allah SWT banjur negur Abu Bakar, kanthi nurunaken QS Annur 22, ingkang artosipun: *Lan ojo nganti wong-wong kang duweni*

*rejeki luwih saking siro kabeh iku sumpah ora arep menahi bantuan marang dulur-dulur kerabat e, wong miskin lan wong-wong kang hijrah ana dalane Gusti Allah. Prayogine wong-wong iku paring pangapura lan sabar. Apa to siro ora demen yen gusti Allah iku ngapura sliramu? Gusti Allah iku dzat kang akeh ngapurane tur akeh welas asihe*

Mireng ayat niki, Abu Bakar langsung matur; *Inggih ya Allah, kula pengin angsal ampunanMu. Abu Bakar banjur ora sida nglereni paring nafkah karo Mistah, kepara malah nambahi jumlah nafkah bulanan sing diparingne.*

Supados saget ikhlas paring pangapura utawi memaafkan, kita kedah eling, bilih tiang ingkang nglarakaken/menyakiti manah kita menika sejatinipun digerak aken dening Allah SWT damel nguji keimanan lan kesabaran kita. Nomor kalih, bilih kita purun paring pangapura, maka kita bakal angsal ampunan saking Allah SWT, kados kisah Abu Bakar kala wau.

### ***Poro jama'ah shalat Jum'at Rohimakumullah***

Gesang wonten alam dunya niki namung sekedap. Eman-eman bilih gesang kula lan panjenengan niki namung damel memikirkan balas dendam. Kathah hal positif ingkang kita saget lakukan daripada memikirkan cara membalas dendam. Kita mboten nate dibuang ke sumur seperti Nabi Yusuf alaihissalam.

Kita mboten pernah dicaci, dihina dan disakiti kados Nabi Muhammad sallallahu alaihi wa sallam. Kita nggih mboten pernah mengalami kados Abu Bakar Assiddiq. Terus teng nopo kita sulit memaafkan/paring pangapunten?



Selajengipun, Allah lan Rasulipun ugi merintahaken dateng kito, supados kito nutupi aibipun utawi kekiranganipun sederek-sederek kito. Menawi kito nutupi dateng awonipun utawi aibipun sesami, benjang wonten ing dinten kiyamat Allah badhe nutupi aib kito ateges gusti Allah bade paring pangapunten.

وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا سَتَرَهُ اللَّهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَاللَّهُ فِي عَوْنِ الْعَبْدِ مَا  
كَانَ الْعَبْدُ فِي عَوْنِ أَخِيهِ

*Sopo wonge nutupi aibe utawa cacate kancane muslim, mongko Alloh bakal nutupi aibipun wong mau ing dunyo lan akhirot. Saktemene Alloh bakal nglindungi kawulane, selami kawula kolowahu ing dalem nglindungi sederekipun.*

Mugi-mugi Alloh azza wa jalla tansah ndadosaken kito umat ingkang berjaya ing dunyo ugi ing akhirot. Mugi-mugi Alloh manggihaken dateng kito benjang wonten akhirot ing dalem suasono ingkang kebak pasederekan ingkang ngremenaken lan mugi kito kalebet golonganipun tiyang-tiyang ingkang bekjo pikantuk rohmat lan nikmatipun Allah SWT.

أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ. وَأَمَّا مَنْ خَافَ مَقَامَ رَبِّهِ وَنَهَى  
النَّفْسَ عَنِ الْهَوَىٰ فَإِنَّ الْجَنَّةَ هِيَ الْمَأْوَىٰ. جَعَلْنَا اللَّهُ وَآيَاكُمْ مِنْ  
الْعَائِدِينَ وَالْفَائِزِينَ وَالْمَقْبُولِينَ وَأَدْخَلْنَا وَآيَاكُمْ فِي زُمْرَةِ عِبَادِهِ  
الصَّالِحِينَ وَأَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَاسْتَغْفِرُ لِي وَلَكُمْ وَلِوَالِدَيَّ وَلِسَائِرِ  
الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ فَاسْتَغْفِرُهُ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

## Khutbah tsani

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ  
أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا  
عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى  
آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ  
فِيمَا أَمَرَ وَأَنْهَوْا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ  
وَتَنَى بِمَلَائِكَتِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ  
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا  
مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ  
وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَةِ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ  
وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ وَالتَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ  
لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ  
الرَّاحِمِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ  
الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلِّ الشِّرْكَ  
وَالْمُشْرِكِينَ وَانصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَانصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ

مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَ دَمَّرَ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.  
اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ  
مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَّنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْ دُونِيْسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ  
الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ  
حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا  
وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ. عِبَادَ اللَّهِ ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ  
وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ  
يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى  
نِعْمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ

## PENERBIT

Khutbah ini di terbitkan oleh :

Pengurus Cabang LTMNU Kab Tulungagung

Penanggungjawab : Dr. Mohammad Da'I Robby, M.Ud.

Penulis : Kang YANU

Pentashih : Dr. KH. Bagus Ahmadi, M.Sy., M.Pd.I

Editor : Komarodin, M.Pd.I

Layout : Team PC LTM NU